

# ba yo plis konesans renmen yo plis

Telephone 305-631-8111 pou ou pran plis enfòmasyon [www.bayopliskonesansrenmenyo.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyo.org)



## Trankilite lakay: Rekonesans ak pataj

Se Beverly Tate nan fondasyon Peace Education Foundation ki fè nou jwenn atik sa a.

Mwa novanm se yon moman espesyal pou moun chita plis sou bay remèsiman. Nan jou Tenksgivin nan, zanmi ak fanmi reyini pou yo manje ansanm epi pase yon moman ansanm. Tradisyon Tenksgivin nan ban nou yon moman ansèyman ki fò pou n montre bon volonte nou genyen pou n pataje ak lòt moun, se sa ki vrè sans pataj la. Eseye kèk bon mwayen nan moman fèt sa a pou n ranfòse konsèp rekonesans ak pataj la:

1. Kreye yon liv "Mwen rekonesan". Fè chak manm fanmi an, granmoun kou timoun, fè yon desen oswa pran foto yon bagay ki fè yo rekonesan. Fè yon liv avèk desen sa yo oswa foto sa yo epi li istwa remèsiman fanmi w pandan tout moun reyini ansanm. Gade ti bebe yo ak timoun piti ki poko pale yo byen. Y ap gazouye ak kè kontan e satisfaksyon, se yon fason pou yo fè w konnen ki sa ki fè yo rekonesan tou. Pi gran frè ak sè yo oubyen yon granmoun kapab desine sa ti bebe sa yo santi a. Lide liv sa a kapab tounen yon liv istwa oral tou, kote tout moun nan fanmi an ap pataje lide yo genyen awotwva sou tèm rekonesans lan.

2. Bay chak moun nan fanmi an yon travay pou yo fè nan preparasyon manje a epi pou moman fanmi an pral pase ansanm nan. Menm pi piti yo kapab kontribiye; dabitid, yo toujou byen vle fè sa.

- Ranje tab la. Timoun ki pi piti yo kapab mete napkin nan asyèt yo, pa egzanp.
- Fè sa ki pi senp ki san danje nan preparasyon manje yo, tankou rache pen ki pral nan bouraj la, mezire engredyan sèk yo, pou prepare yon resèt.
- Brase oswa melanje.
- Mande chak moun ki bwason yo vle pandan repa a.
- Chante yon chan oswa fè yon ti danse.
- Sèvi kòm moun k ap akeyi tout moun k ap vini yo.

3. Fè yon ti pale ansanm an fanmiy sou ki fason nou ka ede sa yo ki pa gen gwo mwayen. Deside ki jès jantiyès nou vle fè, antanke yon fanmiy; bati yon plan pou sa.

Pataje ak lòt moun epi montre nou rekonesan pou sa n genyen, se yon bagay granmoun kapab fè chak jou nan aksyon yo ak konpòtman yo, pou sèvi egzanp pou timoun. Timoun siveye w epi yo aprann apati tout sa ou fè. Ou se pi gwo pwofesè nan kesyon pataje ak bay pandan tout ane a.

Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reji. Se kon sa y aprann reji. Se kon sa yon bon kote pou ou bay gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann reji. Se kon sa y aprann reji. Se kon sa yon bon kote pou ou bay gade li.



### MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Kouman pou n debwouye n ak yon timoun ki agresif : yon apwòch ki pèmèt ou pran devan ak pwòp aksyon pa w..... 2
- "Wete sa nan bouch ou!" ..... 2
- Difikilte ki genyen nan leve timoun ki andikape..... 3
- Lasyans pou timoun tou piti..... 4
- Rejim ki gen ti kras idrat kabòn pou timoun?..... 4

### MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektiyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvè aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a nan kreyòl, rele (305) 631-



## Kouman pou n debwouye n ak yon timoun ki agresif : yon apwòch ki pèmèt ou pran devan ak pwòp aksyon pa w

Beverly Tate pou Peace Education Foundation.

**G**en yon seri konpòtman ou toujou jwenn lakay timoun an jeneral. Yo renmen bay kou oswa mòde, bay kout pye oswa ponyen moun. Lè pitit ou nan eta sa a, sa pa vle di se yon timoun ki “mechan” oubyen ki agresif nèt. Plis toujou, gen dwa se fason pa l pou l fè w konnen jan l santi l, si l enkyè oubyen si l fache oubyen ankò si l fatige oswa si l santi l about.

Timoun piti poko gen matirite ase nan langaj li oswa nan fason l esprime li pou l ta fè konnen sa l santi ak bon jan pawòl. Lè ou rete byen kal epi ou ede pitit ou pou l aprann pi bon fason ki genyen pou l esprime li ofiramezi l ap grandi, w ap pèmèt move moman kòlè sa yo rive mwen souvan e kon sa se bon jan leson valab ou montre yo sou jan pou yo konbat enkyetid yo.

### Men sa ou kapab fè:

- **Ba li atansyon w.** Note nan ki moman jan de konpòtman sa yo rive. A ki lè nan jounen an? Konbyen fwa? Èske gen yon bagay ou remake ki toujou rive anvan sa? Li posib pou jwenn konpòtman sa yo ogmante lè timoun nan fatige oswa lè li santi y ap briske l, le maten anvan lekòl, lè l fatige apre lekòl, oswa li fè yon ti grangou. Chèche kèk endis ki ka ede w konprann nan ki moman konpòtman sa yo plis parèt.
- **Ou dwe pran devan nan aksyon pa w.** Si w dekouvri yon endis, chèche fason pou gen tan pran devan pou bay timoun nan sa l bezwen an, anvan move jan an vin ogmante. Tankou pa egzanp, si pitit

ou a, se apre lekòl li plis aji kon sa, evite pwomennen twòp avè l nan al achte oswa mande l fè twòp egzjans, nan moman sa a. Ba li yon ti goute ki ka kenbe l an sante epi kite l pran yon ti tan “repo”, lè l kab detann li. Si ou suiv yon apwòch kote ou aji nan sans aksyon timoun nan, sa kab pèmèt kalte konpòtman sa yo fèt mwen souvan.

- **Fè yon jan pou kenbe bon abitud.** Yon seri bagay ki tounen abitud, sa kab ede timoun pou fè yo santi yo byen. Lè timoun nan deja konnen ki sa k pral fèt, y ap plis fasil kowopere e y ap santi yo gen mwens tèt chaje oswa yo mwens about. Gen yon lide ki ka ede anpil, se kreye yon “liv foto” kote nou mete bagay nou abitye fè chak jou. Pa egzanp, ou ta kapab pran foto pitit ou a etan l ap prepare l pou l al kouche leswa: pandan l ap bwose dan l, l ap li yon liv oswa etan l ap met tèt li sou zòrye a. Timoun nan ap kontan pou l wè foto l, epi sa ap rann li kapab konprann sa l gen pou l fè chak lè moman pou l al dòmi yo rive.
- **Se pou rete nan reyalite a.** Lè w konnen ak ki sa ou dwe atann ou nan chak etap devlopman yon timoun, tou depan de laj li, sa ede w pou chita sou reyalite a nan sa ou espere ki kab pase. Tankou pa egzanp, timoun piti toujou renmen fè kòlè ak kò yo, lè yo kontrarye. Enfòmasyon sa a kapab ede w nan jan w ap reyaji pou kab pran pasyans ak timoun nan, pandan w ap montre l ki jan pou l konpòte l devan pwoblèm li yo. Epi w ap gen pou fè sa avèk amou. Si w vle aprann plis bagay toujou sou devlopman timoun, vizite sit: [www.cyfernet.org](http://www.cyfernet.org) oswa fè yon kout pye nan bibliyotèk ki nan zòn ou an.
- **Chèche èd yon pwofesyonèl.** Si pitit ou a konpòte l nan move fason sa yo twò souvan, oswa si devlopman timoun nan enkyete w, pale sa ak doktè fanmi an.

## “Wete sa nan bouch ou!”

Elizabeth Aarons, MD, ak Lee Sanders, MD nan Lekòl Medsin, Inivèsite Miyami.

**P**aran ak moun k ap pran swen timoun ka ap repete pawòl sa a chak jou bay timoun piti ki sèvi ak bouch yo pou yo chèche konnen tout sa ki antoure yo a. Sa nòmal epi l bon pou sante timoun yo. Pafwa, timoun kapab mete bagay ki danjere nan bouch yo. Chak ane, gen plis pase de milyon timoun ki vale pwazon. Kapab se savon lesiv, medikaman granmè yo oswa kitèks manman yo.

**Men kèk pwazon nou jwenn pi souvan ki lakay ou oswa nan travay ou e ki merite pou w toujou mete yo yon kote timoun pa kab rive pran yo:**

- **Medikaman**
  - Vitamin ak medikaman pou grip.
  - Medikaman nou achte ak preskripsyon.
- **Pwodui netwayaj**
  - Savon likid pou lave rad ak vèsèl.
  - Pwodui pou netwaye twou ki bouche, pou netwaye fou, sèl amonyak ak klowòks.
- **Pwodui pou machin ak lòt pwodui garaj**
  - Likid antifriz ak pwodui likid pou lave vit machin.
  - Lwil motè ak monoksid kabòn ki degaje nan mòflè.
- **Pwodui pou jaden**
  - Pestisid.
  - Angrè.
- **Lòt founiti pou kay**
  - Poli pou mèb.
  - Pentil ak tinè pou penti.
  - Ak anpil lòt ankò.

**Ki jan m kab anpeche pitit mwen mete yon pwazon nan bouch li?**

1. Mete tout pwodui pwazon kote timoun nan p ap wè l ak kote li p ap ka rive.
2. Lè w ap sèvi ak yon pwodui pwazon, toujou mete l yon kote ou wè l epi sou lamen.

3. Chak fwa w ap bay yon medikaman, tyeke etikèt la, retyeke l ankò. Kon sa, w ap asire w se medikaman ekzat la w ap bay, nan kantite pou bay li a epi se moun ou dwe bay li a w ap bay li.
4. Di non medikaman an lè w ap pale de li. Pa twouble pitit ou lè ap di medikaman se yon bwason oubyen yon sirèt.
5. Konsève tout pwodui pwazon nan bwat yo te vini an.

Epi, mete nimewo telefòn Sant pou kontwòl pwazon an sou chak telefòn ki nan kay la oswa tou pre yo: **1-800-222-1222.**

**Ki sa pou m fè, si m sispèk pitit mwen mete pwazon nan bouch li?**

1. Rete kalm.
2. Si pitit ou pa ka respire oubyen ou pa ka reveye l, rele 911.
3. Si je pitit ou klè epi l ap respire rele 1-800-222-1222.
4. Pare enfòmasyon sa yo:
  - a. Laj pitit ou ak pwa li peze.
  - b. Bwat oswa boutèy ki gen pwodui pwazon an.
  - c. Lè timoun nan te met pwazon an nan bouch li a.

Si w bezwen plis enfòmasyon sou ki jan pou w evite anpwazonnan, kontakte American Academy of Pediatrics nan 847-434-4000 ([www.aap.org/family](http://www.aap.org/family)), oswa American Association of Poison Control Centers nan 202-362-7217 or 800-222-1222 ([www.aapcc.org](http://www.aapcc.org)).



-Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: [www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)



The Children's Trust

**MISYON NOU:**

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan investisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

# Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lekòl

## Difikilte ki genyen nan leve timoun ki andikape

**L** eve timoun se yon djòb ki egzijan pou tout moun, men paran timoun ki gen bezwen espesyal kab santi sityasyon an prèske depase yo.



Gen divès kalite andikap, soti sou pwoblèm devlopman ki grav anpil, tankou reta mantal, maladi mongòl ak otis rive sou ti pwoblèm difikilte aprann. Toudepan de kalite andikap la, sèten timoun gen dwa pa kab pran swen tèt yo pou kont yo, yo gen dwa pa kab kominike oubyen aprann nan anviwònman yon lekòl regilye. Pou pran swen timoun sa yo, sa mande pasyans, bon konprann, mwayen, edikasyon pèsònèl ak planifikasyon famiyal. Nan anpil ka, timoun sa yo bezwen pou pwofesè yo rankontre ak yo yon fason regilye. Se menm bagay tou pou doktè yo, sikològ yo, terapey yo, eksetera.

Sa kapab yon pakèt afè pou fanmi an ni sou plan emosyonèl ni sou plan finans. Paran yo gen dwa santi yo koupab, oubyen yo vin an kòlè oswa yo santi yo wont premye fwa yo aprann andikap pitit yo genyen an. "Sa di anpil pou w asepte pou pitit ou pa yon timoun nòmal, pou w wè lòt paran annik gade epi yo rale pitit yo vin jwenn yo". Sa a se pawòl Ileana Etherson, manman yon ti pitit fi ki gen pwoblèm devlopman. Manmzèl kontinye pou li di : "Jacqueline fè anpil efò pou li fè menm jan ak lòt timoun parèy li. Li bay tout limenm a 110% nan tout sa li ap fè, men sa pa fasil pou okenn nan nou. Plis ou gen kouraj, se plis pitit ou ap bay rannman".

Yon tèl timoun pèmèt paran li gen yon nouvo sant enterè ak yon lòt bi nan lavi a, men nan sèten ka, twòp estrès nan yon maryaj konn lakòz divès. Timoun yo kab santi yo akable epi se kòm si yo neglije yo. "Se yon bagay ki ka fòtifye w oswa kraze w tou kòm yon fanmi", dapre Isabel García, direktis jeneral yon òganizasyon ki rele Parent to Parent, ki jwenn èd finans nan men The Children's Trust ki pote èd pou paran ak timoun ki gen andikap. García, ki gen yon pitit fi ki gen paralezi serebral, kwè sa enpòtan anpil anpil pou paran yo bliye premye chòk yo te resewva a, lè yo te fenk pran nouvel andikap la, yon fason pou

yo ka evalye timoun nan epi mete li nan pwogram edikasyon ki pi bon pou ka li a. Dapre lalwa, tout timoun dwe ale lekòl, e sistèm lekòl Miami-Dade la ofri plizyè kou ak pwogram espesyal pou timoun ki gen bezwen espesyal. García fè konnen "gen kèk paran ki gen tandans izole kò yo, yon fwa yo fin aprann pitit yo gen yon andikap. Se prèske kòm si yo ta panse lavi yo fini". Izole nan yon kwen p ap ede ni paran yo ni timoun yo. Pwogram Parent to Parent, menm jan ak kèk lòt pwogram ki jwenn èd finans The Children's Trust, ede paran yo gras a enfòmasyon li fè yo jwenn, fòmasyon sou koze edikasyon, sipò ak èd nan ka ijans epi pwogram sa a vin devni yon liy lavi pou anpil fanmi ki bezwen santi yo pa pou kont yo. Sèvis sa yo disponib ann angle, an panyòl ak an kreyòl. Gras a gwoup sipò sa yo, paran vin reprann konfyans, yo jwenn enfòmasyon ak sipò ki ba yo posiblite pou yo vin "avoka" pitit yo, dapre Carolyn Jenkins-Jaeger, ki se direktis jeneral sant ki rele Bertha Abess Children's Center, yon sant ki founi sèvis sante mantal ak edikasyon pou timoun ki gen andikap emosyonèl ak timoun ki gen gwo gwo twoub emosyonèl. Kòm avoka, paran an vin tounen yon espesyalis nan pwoblèm andikap pitit li epi li santi li gen ase fòs pou li pote konsèy bay anpil lòt moun ki vin an kontak ap pitit li, an palan de sou ki sa pitit pa yo bezwen pou yo reyisi, kit se medikaman pou yo pran, kit se chanjman konpòtman oswa chanjman nan fason yo manje. Pawòl sa yo, se Jenkins Jaeger ki di yo. Nan gwoup sipò yo, paran rankontre lòt paran ki ap fè menm kalite eksperyans avè yo, yo pale ansanm, yo pataje desepsyon yo, yo aprann kèk bagay osijè nouvo gwo dekouvèt medikal ki fèt epitou yo kapab "dechaje" estrès yo, voye li ale. Dapre Jenkins-Jaeger, timoun ki gen andikap emosyonèl kapab entèwonp yon klas regilye k ap fèt ak yon aksè kòlè bridsoukou, san se pa kont yon moun dirèkteman. Yon klas ki trè byen ekipe, ki pa twò gran avèk pwofesè ki antrene, se yon anviwònman kon sa ki ka ede yo aprann. Pandan tout kantite

lane Jenkins-Jaeger pase kòm edikatè, li wè plizyè timoun ki vin gen pi bon konpòtman epi ki grandi ale nan inivèsite e ki devni manm enpòtan nan sosyete a. Yo reyisi. Si yo rive dekouvri pwoblèm timoun nan bonè epi yo ba li edikasyon bonè tou, sa a se kle siksè a. Sant ki rele Bertha Abess Children's Center a ede timoun yo jwenn ranfòsman ki pozitif, aktivite ki byen chapante ak yon sistèm pwèn, pou pèmèt yo reyisi nan sa yo vle fè. Gras a èd finans The Children's Trust, sant lan ofri swen apre lekòl tou pou timoun sa yo. Gen terapey espesyalize ki travay ak timoun yo nan klas yo, ki veye sou fason yo ap pran medikaman yo epi ki vizite yo lakay yo, si gen bezwen pou sa. Men kèk pwogram ki jwenn èd finans The Children's Trust, ki founi sèvis pou timoun ki gen bezwen espesyal:

- Parent to Parent** ..... 305-271-9797
- The Bertha Abess Children's Center** .. 305-756-7116
- Carrie Brazer Center for Autism & Alternative Approaches** ..... 305-262-5999
- Association for Retarded Citizens** ..... 305-759-8500
- Easter Seals Miami Dade** ..... 305-325-0470
- New Horizons Community Mental Health Center** ..... 305-635-0366
- Neytz Hachochma** ..... 305-934-7443
- Sandor Wiener School of Opportunity** 305-623-9631
- United Cerebral Palsy Association of Miami** ..... 305-325-1044
- University of Miami Debbie Institute** .. 305-243-6547

**Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon: [www.thechildrenstrust.org](http://www.thechildrenstrust.org)**

# Lasyans pou timoun tou piti

Se òganizasyon Family Learning Partnership ki fè n jwenn sa a.

Anseye timoun ki tou piti koze lasyans kapab yon gwo defi pou paran, sitou nan ka timoun ki ant laj 2 ak 5 an. Aprann bagay sou lasyans ede timoun nan vin gen ladrès nan preparasyon pou lekti ak ekriti. Lè w patisipe nan aktivite lasyans lakay ou ak pitit ou, sa kab ba ni oumenm ni pitit ou bon okazyon pou n aprann. Men kèk lide sou sa:

## Pou n ka fè Krèm a lo kristal, men ki materyèl w ap bezwen:

**Gode an katon**      **Dlo**      **Ji fwi**  
**Ti baton pou fè krèm a lo**      **Frizè**

### Men sa pou w fè:

1. Fè timoun yo melanje dlo ak yon bwat ji ki te nan frizè. Vèse melanj lan nan ti gode an katon (3 ons). Mete gode ki plen yo nan yon plato, epi mete yo nan frizè. Mete yon gode dlo nan frizè a tou.
2. Fè yon gade melanj lan apeprè chak 45 minit. Pale ak timoun yo. Ankouraje yo pou yo dekri sa yo wè a.
3. Lè melanj lan kòmanse ap vin di, retire gode yo nan frizè a epi fè timoun yo mete yon ti baton manch krèm a lo nan chak gode.



4. Remete gode yo nan frizè a. Se pou w asire w timoun yo wè kristal ki kòmanse fòm yo. Kontinye tcheke pwogrès krèm a lo a, pale de chanjman k ap fèt yo.
5. Lè ji a fin friz nèt, retire gode a epi bay timoun nan youn. Fè timoun yo retire gode katon an sou krèm a lo a. Gade kristal jele yo byen. Pale de chema nou wè yo. Pandan timoun yo ap degiste ti amizman an, montre yo krèm a lo ki fèt ak dlo sèlman an, epi pale avè yo sou diferans ak resanblans yo remake yo. Nan ki fason dlo a te chanje, lè ji a te vin ajoute ladan? Ki sa w panse ki ka rive krèm a lo kristal la si ou pa bwè l?

### Ou vle fè plis toujou?

Try freezing other edible liquids. Compare the different crystal patterns. Freeze bananas and grapes. Talk about similarities and differences. What happens when popsicles or fruit thaw? Are they the same or do they change?

*Sherwood, Elizabeth, Williams, R. ak Rockwell, R. More Mudpies to Magnets: Science for Young Children (1990). Gryphon House, Inc. Maryland.*



# Rejim ki gen ti kras idrat kabòn pou timoun?

Se Sheah Rarback ki prepare atik sa a

Anpil granmoun gen lontan y ap redui kantite idrat kabòn nan rejim yo, yon fason pou yo kab pèdi pwa oswa pou rann yo rete an bòn sante. Men èske rejim ki gen ti kras idrat kabòn bon pou timoun? Èske sa kab anpeche timoun vin twò gwo?

Tout sa depann de ki kalite idrat kabòn yo diminye. Si w limite kantite idrat kabòn « senp » nan rejim pitit ou, sa kab yon avantaj. Pami idrat kabòn ki senp, nou jwenn sik blan fen, se yon pwodui ki pa twò enpòtan paske se sèlman idrat kabòn li bay, li pa bay vitamin oswa mineral. Kalite sik sa a, se li yo mete pi souvan nan manje ak ji pou timoun. Li etikèt ki sou bwat manje yo, yon fason pou w kab chwazi sa ki bon pou sante fanmi w.

Gen kèk rejim a idrat kabòn redui pou granmoun ki defann moun yo manje fig oswa ponmdetè, paske yo kwè manje sa yo gen yon “kantite glisemi eleve” ladan yo. Men sa a se yon kalite idrat kabòn ki diferan de sa ou jwenn nan sik blan fen an. Timoun pa vin twò gwo lè yo manje twò fig ! Yon fig oswa yon ponmdetè ki kuit nan fou ak tout po – si ou mete legim rache byen fre sou ponmdetè a – kapab sèvi kòm ti goute ki apwopriye pou timoun epi ki bon pou sante yo. An reyalyte, gen anpil idrat kabòn ki enpòtan pou kwasans ak devlopman timoun – manje an gren, fwi ak legim se bon egzanp sa timoun yo bezwen pou yo grandi. Kalite manje sa yo chaje ak nitrisyon epi yo kapab bay fib ki enpòtan, vitamin ak mineral.

Pou pi fò timoun, rejim espesyal tankou “idrat kabòn redui”, pa toutafè rekòmande . Olye sa, yo ankouraje paran yo pou yo bay timoun yo divès kalite manje ki bon pou sante ak bon jan kantite ki apwopriye – ansanm ak anpil amizman, ak aktivite fizik. Si timoun ou gwo depase oswa si w gen kesyon oubyen enkyetid osijè sante timoun nan, pale ak pwofesyonèl ki bay fanmi an swen sante.

## Patisipe Nan ti Journal sa a...



### Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak publikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon “Pi bon moman pou anseye” (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation  
3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6

(305-860-3000) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvizè pwogram entèvasyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvasyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County. Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

### Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria  
(305-646-7230)

### Moun ki nan komite revizyon

journal sa a se:  
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665